





LAMPIRAN-LAMPIRAN



Dene musyrik ing Allah, punika nyamekaken, anjejeraken, ngantheaken utawi nartakaken satunggaling barang utawi makhluk dhumateng Allah s.w.t. Musyrik anggadhahi panggep bilih barang sanesipun Allah wau gadhah daya (pangwasa) ghaib, inggih punika daya utawi pangwasa saged nyawabi utawi malati lss. Upaminipun, kadosta gadhah anggep yen brahala, kajengi, guwa, sela utawi kuburan sasaminipun, punika saged adamel begia utawi cilaka. Utawi gadhah anggep, brahala sapiturutipun wau badhe nyelakaken utawi ngayomi wonten ing ngarsaning Allah. Salajengipun tumunten sami dipun pepundhi dipun aji-aji, dipun caosi dhahar, dipun njali Allah. Salajengipun tumunten sami dipun ajeng-ajeng berkah lan sawabipun! Dhuha para surisna sajani, dipun sesuwani utawi dipun ajeng-ajeng berkah lan sawabipun! Dhuha para surisna langkung-langkung para Pemimpin, kados pundi Bangsa badhe majeng ing tehnik, resikan, lan jujur, manawi mentalipun kagubed ing kemusyrikan, takhayul, klenik sarta kebatosan ingkang makaten punika?

Wa yas-aluunaka 'anir ruuh, qulir-ruuhu
min amri rabbii wamaa uutiitum minal
'ilmi illaa qaliilaa.

594). Artosipun kawontenanipun inggih punika tabeat sarta daya pangaribawaning alam sakiwa tengenipun. Utwi manawi wonten ilmu pendidikan, dhasar lan ajar punika kalih kakiyatan ingkang gadhah daya pangaribawa dhateng ambangun kapribadian (personality).

595). Roh utawi sukma, utawi jiwa-punika punapa ta? Ing rehning soekma wau rembagipun kalebet bangsa ghaib (alus boten saged kinasat ing panca-ndriya), boten saged badhe dipun grayana.